# ИСҲАҚХАН ИБРАТТЫҢ ИБРАТЛЫ ӨМИРИ ҲӘМ АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ ХЫЗМЕТЛЕРИ

**Қ.Сейтмуратов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** мактаб, жадид мактаби, дарслик, босмахона, шоир, публицист, таълим, тарбия.
**Ключевые слова:** школа, джадидская школа, учебник, типография, поэт, публицист, образование, воспитание.
**Key words:** school, Jadid school, textbook, printing house, poet, publicist, education, upbringing.

**Кирисиў.** XIX әсирдиң екинши ярымы ҳәм XX әсирдиң биринши ярымында жасап, дөретиўшилик пенен шуғылланған белгили алым-ағартыўшылардың бири Исҳақхан Ибрат болып есапланады. Ол ағартыўшы шайыр, зәбердес тил илими билимданы, тарийхшы, илимпаз, биринши өзбек баспаханашыларының бири, саяхатшы, каллиграф, нағыс ойыўшы, күшли публицист ҳәм үлгили педагог еди. Ибраттың анық аты Исҳоқхон, әкесиниң аты Жунайдуллахожа болған. Ибрат оның әдебий лақабы есапланады.

“Ибрат” лақабын алыў себеби ол дөретиўшилигиниң дәслепки дәўирлеринен баслап ақ, ағартыўшы шайыр, илимпаз сыпатында көзге түсе баслады ҳәм адамларды заман илиминен, алдыңғы мәденияттан, тәлим-тәрбия системасынан өрнек алыўға шақырды. Соның ушын да, ол өзине “Ибрат” деген әдебий лақапты таңлады.

**Тийкарғы бөлим.** Ибрат 1862-жылы Наманган қаласы жақынындағы Төреқорған аўылында туўылды. Оның әкеси Жунайдуллахожа Суннатуллахожа улының тийкарғы кәсиби бағман болып, әдебиятқа қызығыўшы, шайыр тәбиятлы инсан болып, “Ходим” лақабы менен бир қатар қосықлар да дөреткен. Анасы Ҳүрбийби де өз заманының оқымыслы, зейинли ҳаялларынан болып, ол да әдебиятқа қызыққан ҳәм қосықлар жазып турған, өз үйинен мектеп ашып, аўылдың қызларына тәлим берип келген. Дастурхан басында дерлик ҳәр күни Наўайы, Лутфий, Жамий, Бедил, Машраб ҳәм т.б. шайырлардың қосықларынан үзиндилер оқыў бул шаңарақтың дәстүрине айланған еди. Шаңарақтағы бандай шараят Ибратта ерте бастан әдебиятқа болған меҳир-муҳаббат ояныўына себепши болған.

1870-жылы әкеси Жунайдуллахожа қайтыс болып, шаңарақтағы барлық аўырманшылық анасы Ҳүрбийбиниң мойнына түседи. Ибрат басланғыш билимди усы анасының мектебинен алады. Әдебиятқа ҳәм көркем өнерге ықласлы болған Ибрат 1878-жылы Қоқандтағы Муҳаммед Сыдық Түнкатор медресесине оқыўға барады.

Медреседе оқып жүрип тек медресе билими менен шекленип қалмастан Шығыс классикалық әдебиятын кунт пенен үйрене баслайды. Ол медреседе араб ҳәм парсы тиллерин үйрениў менен бир қатарда, бос ўақытлары өз бетинше рус тилинде үйрене баслайды. Ол рус ҳәм өзбек тиллерин де басылып шығатуғын “Туркистанские ведомости” газетасы менен биринши мәртебе Қоқанд медресесинде оқып жүрген ўақытлары оқып танысады.

Исҳақхан Ибрат 1886-жылы Қоқанд медресесин тамамлап, өз аўылы Төреқорғанға қайтып келип, оқытыўшылық пенен айланысады ҳәм сол жылдың өзинде аўылында өз мектебин ашады. Лекин, оның ашқан мектеби алдыңғы басқа мектеплерден парықланып, бир қанша нәтийжели болған даўыс усылын (усули савтия, усул ул-жәдид) қолланыўы менен ажыралып турды ҳәм ол бул усылды абзаллық тәреплерин дәлиллеў арқалы ескилик тәрепдарларынан қорғай алды.

1887-жылы Ибраттың анасы Ҳүрбийби баласына өзин Маккеге зияратқа алып барыўды өтиниш етеди ҳәм баласы менен жолға түседи. Лекин, Ибраттың анасы жолда аязлап аўырып, узақ емлениўине қарамастан алты айдан соң Жидда қаласында қайтыс болады ҳәм сол жерге жерленеди. Исҳақханның екинши мақсети ел көриў, жер көриў, басқа еллердиң турмысы, мәденияты менен танысыў болғанлықтан Шығыс мәмлекетлери бойлап сапар етиўин даўам етеди. Европаның Стамбул, София, Афина, Рим қалаларында саяхатта болады. Афганистанның Қабул, Арабстанның Жидда қалаларында бир қанша ўақыт жасайды. Кейинала Мәкке қаласынан Қызыл ҳәм Ҳинд теңизлери арқалы Ҳиндистанға барады. 1892-1896-жыллары Ҳиндистанның үлкен порт қалалары Бомбей ҳәм Калькуттада жасайды. Исҳоқхон Ибрат ол жерде араб, парсы, ҳинд-урду ҳәм инглис тиллерин, сондай-ақ, ески финикия, еврей, сирия, грек жазыўларын үйренеди. Ол шет еллерде сол жерде жасаўшы жергиликли халықлардың турмыс шараятларын, үрп-әдет ҳәм мәдениятын, көркем өнерин үйренди [1:4-5]. “Луғати ситта-ал-сина”(алты тилли сөзлик), “Жомеъул хутут”, “Тарихи Фарғона” шығармалары ушын қымбатлы материаллар топлады.

Исҳақхан 1896-жылы Бирма арқалы Қытайға, кейин Қашғарға өтеди ҳәм сол жерден ўатаны Наманганға қайтып келеди. Ол шет еллерден бир қанша мәдeният буйымларын, атап айтқанда, Ҳиндистаннан “Сантур” атлы музыка әсбабын, түрли миллет музыка ҳәм қосықлары жазылған пластинкалары менен граммафон ҳәм т.б. бурын елимизде ушыраспайтуғын затларды алып келип, аўылласларына қойып берип, тамашалатып жүрген.

Исҳақханның өзиниң жазыўынша, ол шет еллерде жүргенинде қайсы миллеттиң ўәкили менен сөйлеспесин оны өзине жақын алып, олардан көркем өнер ҳәм тәлим-тәрбияның жағдайы ҳаққында сорап, пикир алысып жүрген.

Ол XIX әсирдиң 90-жылларына келип рус тилин үйрениўге кунт пенен кириседи ҳәм оны үйрениўди халық арасында үгит-нәсиятлап барады. Рус тили менен бир қатарда батыс халықларының тиллерин де жетик билген Ибрат үлкен иске қол урып, алты тилди: арабша, парсыша, ҳиндше, түркше, өзбекше ҳәм русша сөзлерди өз ишине алған “Луғати ситта-ал-сина”(алты тилли сөзлик) атлы көлемли сөзлик мийнетин жаратты. Бунда рус ҳәриплерин билмейтуғын ўатанласларға русша сөзлердиң мәнисин араб ҳәриплеринде келтиреди. Европа еллериндеги халықлардың сөзлерин араб алфавитинде жазыў бир қанша қыйын, лекин, Ибрат буның есабын табады ҳәм сөзликти таярлайды. Усының менен Исҳақхан Ибрат тил үйрениў мәселесинде өз халқына үлкен жәрдем береди. Лекин, бул сөзликти басып шығарыўға көп жыллар патша цензурасы тәрепинен рухсат берилмей, тек 1901-жылы Ташкент қаласында басып шығарыўға ерисиледи.

Исҳақхан Ибратқа шекем де русша-өзбекше, өзбекше-русша сөзликлер болған. Мәселен, В.Наливкин ҳәм М.Наливкиналардың “Русско-сартовский словарь”,

“Сартовско-русский словарь” атлы шығармаларды усылардың қатарына киритиў мүмкин [2:281]. Лекин, бул китаплар рус алфавитинде басып шығарылған болып, тек өзбек тилин үйрениўши руслар ҳәм русша саўаты болған өзбеклер ушын арналғанлықтан рус тилин үйрениўшилердиң талабын толық қанаатландыра алмады.

Мыңнан аслам сөзди өз ишине алған бул Исҳақхан Ибраттың шығармасы өз дәўиринде үлкен абыройға ийе еди. Автор өзиниң усы әмелий иси менен халықлар ортасында “дослық жыршысы” деген атақ-абырайға ийе болды ҳәм де өзбек мәденияты, ағартыўшылығы тарийхында мүнәсип орынды ийелейди. Бул “Луғати ситта-ал-сина” шығармасы өзбек тил илиминде өзбекше-русша ҳәм көп тилли сөзликлер жаратыўда дәслепки қәдемлерден болды ҳәм өзбек лексикографиясын раўажландырыўға мүнәсип үлес болды [3].

Бул сөзлик педагоглар тәрепинен ашылған жаңа усули савтия жәдид мектеплеринде де рус тилин үйрениўде бирден бир сабақлық, қолланба сыпатында пайдаланылып келинди.

Исҳақхан Ибраттың “Жомеъул хутут” (“Жазыўлар комплекси”) атлы илимий шығармасы ерте дәўирлерден баслап ҳәр түрли жазыўлардың пайда болыў ҳәм раўажланыў тарийхы ҳаққында сөз етиледи. Онда ең ески пиктографиялық жазыўлардан кейин пайда болған даўыс-ҳәрип жазыўлары: финикия, яҳудий (еврей) жазыўы, сирия, араб, грек, парсы, славян, санскрит, ҳинд, латын, армян, грузин, уйғыр, кирилл ҳәм басқа қырқтан аслам жазыўлар, олардың келип шығыўы, раўажланыўы ҳаққында мағлыўмат береди. Автор бул шығармасында араб жазыўлары тарийхы, олардың раўажланыў эволюциясына айрықша тоқтап өтеди. Бул шығарма 1912-жылы өзиниң баспаханасы болған "Матбааи Исҳоқия” баспаханасында басып шығарылды.

Ибрат бул баспахананы 1907-жылы Оренбург қаласына болған сапары дәўиринде кредитке сатып алып, дәслеп поездда, кейин түйелерге артып, аўылы Төреқорғанға әкелип орнатқан еди. Бул баспаханада көплеп сабақлықлар, оқыў әдебиятлары басылып шықты. Баспаханада шығып атырған өнимлерге ортасына “илим” сөзи жазылған қуяштың сүўрети басылып, буны баспахананың логотипи етип белгилейди ҳәм илимди нур шашатуғын қуяшқа мегзетеди. Басып шығарылған китапларды сатыў ушын бир неше жерден китап дуканларын ашады.

Ибрат булардан тысқары дәслеп өз үйинде “Кутубхонаи Исҳоқия” атлы китапхананы шөлкемлестирип, оны түрли китаплар менен байытып, жаслардың билим алыў мүмкиншилигин асырыўға үлкен жәрдем берген.

Исҳақхан Ибраттың өзиниң “Тарихи маданият” шығармасында хабар етиўинше, кейинги 20 жыл ишинде 14 илимий тарийхый, лингвистикалық, педагогикалық шығармалар жазған. Кейинги 30 жыллық поэтикалық дөретиўшилигиниң жемиси болған “Девони Ибрат” қосықлар топламын баспадан шығарған. Оның “Луғати ситта-ал-сина”, “Жомеъул хутут” шығармаларынан тысқары “Тарихи Фарғона”, “Тарихи маданият”, “Мезонул замон” шығармалары бизге шекем жетип келген. Ол үш тилде, өзбек, парсы ҳәм араб тиллеринде дөретиўшилик пенен шуғылланған.

Исҳақхан Ибрат 1907-жылы аўылында балалар ушын бийпул өзиниң екинши мектебин ашады. Бул мектеп толығы менен жәдид усылындағы “Усули савтия” есапланып, өз заманының алдыңғы оқытыў методларынан пайдаланады. Мектепти өз үйинен ашып, кең, жақты ханаларға парталар қойылады. Онда Аббасхан, Ваққосхан, Фаёзхан атлы уллары менен бирге сол аўылдың 25 баласы тәлим алған. Ибрат бул мектеп ушын оқыў бағдарламасын, ҳәптелик сабақ кестесин өзи ислеп шыққан. Жаңа мектептеги тәлим-тәрбия усылларының абзаллығын өзлериниң ерискен жетискенликлери менен дәлиллеп барған.

Исҳақхан Ибрат елдеги шөлкемлестирилип атырған рус-тузем мектеплериниң ашылыўын биринширерден болып қоллап-қуўатлаған зыялы педагоглардан есапланады. Халық арасында “кәпирлер мектеби” деген ат тағылып, адамлар өз балаларын бул мектепке бериўге қарсылық етип атырған дәўирде рус-тузем мектеплериниң абзаллықларын кең массаға түсиндирип, жаслардың илим-билим алыўына шараят жаратыўға, рус ҳәм басқа да шет тиллерин үйрениўдиң келешек ушын пайдасын аңлап жетиўине үгит-нәсият жумысларын алып барған. Буларды оның сол дәўирдеги “Түркистан ўәлаятының газетасы”нда жәриялаған илимий мақалаларынан көриўимиз мүмкин.

Исҳақхан Ибрат алдынғы қатар педагоглар арасында биринширерден болып 1914-жылы Төреқорғанда өзиниң рус мектебин ашады ҳәм оны “Учитель” деп атайды. Мектепте сабақ бериўге рус оқытыўшыларын да шақырып, билимниң сапалы болыўына ҳәрекет етти.

Ибрат ҳаял-қызлар азатлығы, олардың ерлер менен бир қатарда билим алыўлары, мийнет етиўлери ушын гүрес алып барды. 1919-жылы тиккелей оның басламасы менен Наманганда өзбек ҳаял-қызлары ушын биринши мектеп ашылды.

Исҳақхан Ибрат 1897-жылдан 1924-жылға шекем үзликсиз Төреқорғанның қазысы лаўазымында ислеп келген. Ол бул дәўирде қазылық хызмети менен бирге педагогикалық ҳәм дөретиўшилик ислери менен де шуғылланған. Соның менен бир қатарда, жәмийетлик жумысларды да алып барды. Ол аўылларды абаданластырыў, билимлендириў, мәдeният, тәлим-тәрбия жумысларын түптен жаңалаў ушын ат салысар еди. Мектеплер ашыў, олар ушын жетик қәнигели кадрлар таярлаў, массалық түрде саўатсызлықты сапластырыў, халықтың перзентлерин мектеплерге тартыў ислеринде аянбастан мийнет етти [4].

Лекин, оның бул қайырлы ислери сол қатағанлық дәўирдеги ҳүкиметке унамады ҳәм сол себепли оның үстинде қара бултлар айлана баслады. 1935-жылға келип оны барлық лаўазымлардан алып таслады. И.Ибрат 1937-жылдың басында 75 жасында түрли жалған айыплар менен қамаққа алынады ҳәм арадан еки-үш ай өтип, қамақтағы руўхый ҳәм физикалық қыйнаўлар ақыбетинде апрель айында Андижан түрмесинде қайтыс болған. Оның қәбириниң қай жерде екенлиги нәмәлим.

Ғәрезсизлигимиздиң шарапаты менен оның атын мәңгилестириў бойынша бир қатар ислер алып барылмақта. 2005-жылы оның үлкен көлемдеги педагогикалық, әдебий ҳәм илимий шығармалары топламлары баспадан шығарылды. Наманган ўәлаяты ҳәм Ташкент қаласында көшелер, қиябанлар, Төреқорған районында №14 мектеп оның атына қойылды. Өзбекстан Республикасы Президентиниң қарары менен 2017-жылы Наманган ўәлаятының Төреқорған районында толық заман талапларына

жуўап беретуғын Исҳақхан Ибрат атындағы дөретиўшилик мектеби пайдаланыўға тапсырылды.

**Жуўмақ**. Жуўмақлап айтқанда, Исҳақхан Ибраттың өмири ҳәм оның әмелге асырған қайырлы ислери, қалдырған әдебий ҳәм педагогикалық мийраслары жасларымызға үлги болары сөзсиз. И.Ибраттың өмири ҳәм халқымызға еткен хызметлери жасларымыз ушын ибрат аларлық болды деп айтсақ қәтелеспеймиз. Усыларды есапқа алып, бул уллы инсанның, алымның қалдырған мийрасларын еле де тереңнен үйренип, оннан ҳәзирги үзликсиз тәлим-тәрбия процесинде пайдаланыў мақсетке муўапық болады.

**Әдебиятлар**


1. Исҳоқхон Ибрат. Жомеъул хутут. –Наманган: 1992, 4-5-б.
2. Ҳошимов К., Нишонова С., Иномова М., Ҳасанов Р., Педагогика тарихи. -Т.: «Ўқитувчи», 1996. 281-б.
3. https://ziyouz.uz/ozbek-ziyolilari/ishoqxon-tura-ibrat/
4. https://ziyouz.uz/ilm-va-fan/adabiyot/milliy-uygonish/ulugbek-dolimov-ishoqhon-ibrat-1862-1937/



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада белгили маърифатпарвар ёзувчи Исҳақхон Ибратнинг жадидчилик-маърифий фаолияти ва таълим-тарбиявий қарашлари ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о просветительско-джадидской деятельности и педагогических взглядах Исҳақхона Ибрата, известного писателя-просветителя.

**SUMMARY.** The article talks about the educational-Jadid activities and pedagogical views of Ishakhon Ibrat, a famous writer-educator.


## THE IMPORTANCE OF ASSESSMENT IN THE LEARNING PROCESS


**A.U.Tajieva –** *candidate of pedagogical sciences, associate-professor*
**U.M.Dawletmuratova –** *2nd year doctoral student*
*Nukus state pedagogical institute named after Ajiniyaz*



**Tayanch so'zlar**: ta'lim, baholash, baholash tamoyillari, baholash bosqichlari, baholashning afzalliklari, baholashning yangi turlari, formativ va summativ baholash, yangi baholash metodologiyasi, tahlil.

**Ключевые слова:** образование, оценка, принципы оценки, этапы оценки, преимущества оценки, новые виды оценки, формирующее и итоговое оценивание, новая методология оценки, анализ.

**Key words:** education, assessment, assessment principles, assessment stages, advantages of assessment, new types of assessment, formative and summative assessment, new assessment methodology.


**Introduction.** Education is the process of providing a person with the necessary knowledge, skills and abilities to prepare him or her for life. Education plays a major role in solving important problems of social construction - creating the material and technical base of society, organizing social relations, and educating a person. It is usually used in various formal settings, like from kindergarten to school, college and universities, but it can also happen informally through life experiences and interactions. One of the main components that determine the effectiveness of the education system is the assessment system.

Assessment is a process of measuring the level of achievement of educational goals at a certain stage of the educational process based on predetermined criteria, determining and analyzing the results, and presents the systematic collection, analysis and use of information on the knowledge gained. In addition, there are a number of concepts and different definitions regarding assessment. In Cambridge dictionary assessment means "the act of judging or deciding the quantity, value, quality, or importance of something, or the judgment or decision made". If we say about the advantages of assessment process we can mention that assessment is of great importance in the educational process, as it helps to draw final conclusions about the knowledge and education of students; assessment is a diagnostic process, as it can identify the problems that students have and solve them. Teachers can determine their students' level of knowledge and give them appropriate tasks and assignments; assessment is a development. The development of the student's knowledge, personality and the necessary changes in their behavior can be achieved with the assessment results; assessment states the goals of education: It is also very important to define the goals of the school. The goal of education is to change the behavior of the student. The teacher can show how the student's behavior has changed by assessing; assessment is useful for improving the teaching and learning process: The teacher can know the effectiveness of his instructions in enhancing the personality of the students. As a result, it helps to improve the teaching and learning process.

In addition, assessment has special principles and they are also helpful for assessing process. The principles are:

- continuity principle: Assessment is a continuous process as long as the student is in school. Assessment in education is an integral part of the teaching process. Whatever the student does should be assessed every day. Only then can the student learn the language better;

-complexity principle: By "complexity", we mean looking at all aspects of the student's personality. This takes care of the child's development in all areas;

-principle of goals: Assessment should be based on educational goals. It should help determine where the student's behavior needs to be changed or stopped;

-learning experience principle: Assessment is also related to the student's experience. In this process, we look not only at the student's schoolwork, but also at his extracurricular activities. Both types of activities help students gain more experience;

-student-centeredness principle: The student is at the center of the assessment process. The student's behavior is the most important thing to pay attention to when evaluating;

It is obviously known that a number of scientists, researchers and philologists around the world carried out numerous scientific works and provided with proved findings regarding assessment system in education. For example, Indian scholars B. A. Bhat and J. Bhat mention that "Assessment is an educational program that aims to measure the three domains of cognitive, affective, and psychomotor learning. Both the process and the product are evaluated to arrive at a final conclusion [1]. The results of an assessment are always expressed from the perspective of the individual being assessed in terms of changes in behavior. Agreeing with these scholars, we assess not only